**РЕЗЮМЕ.** В статье изложены вопросы формирования базовых компетенций учащихся общеобразовательных школ по предмету «Физика». Дана информация об утверждённом содержании базовых компетенций в государственных образовательных стандартах. Также высказаны мнения о содержании творческих материалов по физике при формировании базовых компетенций.

**SUMMARY.** This article discusses the development of basic competencies in the subject of Physics for students in general education schools. It provides information on the approved content of these competencies in state educational standards. It also provides opinions on the content of creative physics materials for developing these competencies.

## MUZÍKA OQÍTÍWDÍŃ NÁTIYJELILIGIN TÁMIYINLEW METODIKASÍ

**S.Y.Romanova** – *pedagogika ilimleriniń kandidatı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** musiqa ta’limi, pedagogik tamoyil, san’at, iste’dod, ijodkorlik, pedagogik kompetentsiya, ijro mahorati, o‘qitish qoidalari, tizimli o‘qitish, ijodkorlik.

**Ключевые слова:** музыкальное образование, педагогический принцип, искусство, талант, творческие способности, педагогическая компетенция, исполнительское мастерство, правила обучения, систематическое обучение, креативность.

**Key words:** music education, pedagogical principle, art, talent, creative abilities, pedagogical competence, performance skills, teaching rules, systematic teaching, creativity.

**Kirisiw.** Muzıkalıq tálim basqa pán oqıtıwshılarına qaraǵanda kóbirek bilim, kónlikpe hám qabilet talap etedi. Muzıka oqıtıwshınan dáslep pedagogika, didaktika, psixologiya, fiziologiya, saz atqarıwshılıq sheberligi, pedagogikalıq sheberlik, qosıqshılıq sheberligi hám dawıs, dirijyorlıq texnikası, teoretikalıq bilim hám talant talap etiledi. Bul kompetenciyalarǵa iye bolıwı ushın, muzıka oqıtıwshısı, muzıkaǵa qızıǵıwshı hám muzıkaǵa qábileti bolǵan balalardı kásip tańlawına járdem beriwi ushın, olardıń ata-analarına muzıka mektebi yamasa qánigelestirilgen muzıka mektebine beriwi kerekligi, onıń keleshegi ushın úsınıs beriledi hám kásipke iytermeleydi.

Talantlı hám qábiletli balalar muzıka mektebinde dáslepki bilimlerge iye boladı, saz úyrenedi, qosıq aytıw, muzıka tariyxı, teoriyası hám vokal kónlikpelerine iye boladı. Soń ala oqıwshı muzıka kórkem óner mektebi yamasa kolledjlarda qánigelik bilimge iye boladı. Qánige bolıwı ushın úsı jerde sózsiz turaqlı túrde oqıwı hám tayanısh bilim alıwı shart.

Úshinshi basqısh joqarı oqıw orınları bolıp hár qıylı tarawǵa bólinedi, bular koncervatoriya, kórkem óner institutları hám pedagog tayarlawshı joqarı oqıw orınları. Solay eken, muzıka pánin hámme insan oqıwshı waqtında jaqsı kórip mektepte muzıka sabaǵın úyrenedi. Muzıka basqa pánlerge qaraǵanda balanıń sana sezimine tez hám motivaciyalıq túrde kirip baratúǵın pánler (muzıka, súwret, Ana tili hám ádebiyatı, matematika hám t.b.) qatarında bolıp sol arqalı bala kóbirek hár tárepleme tarbiya tabadı. Bunıń ushın sol pán oqıtıwshıları óz kásibiniń mamanı, kreativ hám pedagogikalıq sheberlikti tolıq iyelegen bolıwları hám bunday kompetenciyaǵa iye bolıwı usın joqarı oqıw orınları, pedagog tayarlawshı orınlar táliminin sapasın jaqsılaw maqsetke say.

**Ádebiyatlar analizi hám metodologiya.** Joqarı oqıw orınları muzıka tálimi baǵdarında oqıp atırǵan talabalar keleshekte jaqsı tálim hám tárbiya alıwı ushın olardıń bilim hám kónlikpelerdiń tereńligi, bekkemligi hám sociallıq jaǵdayın támiyinlew kerek.

Muzıka oqıtıwshısı yaǵnıy pedagog muzıka sabaqların hám onıń komponentlerin pedagogikalıq principler arqalı sabaqtı MTSna hám pármanlarǵa qaray joybarlap alıp barıladı. Máselen, muzıka sabaǵında shıǵarmanı hám onıń atqarılıw usılın, mádeniy turmısımız ushın zárúrligi haqqında balalarda isenim payda etip sabaq izbe-izligi hám dawamıylıǵın támiyinlew kerek.

Talabalarǵa sabaqqa tańlanǵan repertuarlardı durıs tańlaw hám onıń dawıslarına saylıǵı tiykarǵı orında. Shıǵarmalardı tańlawda talabalardı kórkem hám ádep-ikramlılıq tárbiyalaw ushın sáykesligi, muzıka táliminiń ózgesheligi, topardaǵı barlıq talabalardı usı shıǵarmaǵa qızıqtıra alıw hám tolıq ózlestiriwge erisiwi, shınıǵıwlarda alınatuǵın bilimler kólemi hám kónlikpelerin ámeliyatta tákirarlaw hám bekkemlewi maqul. Mısalı: Qosıqlardı frazalarǵa bólip úyretiw hám keyingi sabaqlarda bekkemlep berıw, tákirarlaw, muzıka sabaqlarında hár bir jańa bilim elementi, shınıǵıwlar jumısında tolıq ózlestiriledi hám keyingi sabaqlarda keń qollanılıp, turaqlı bilimge aylandırılıwın támiyinlew bul sabaqtı sol didaktikalıq principler menen qáliplestirip metodikasın durıs tańlaw sabaqtı tereń alıp barıwına járdem beredi.

Pedagog óz sabaǵınıń dúzilisin ulıwmalıq sxemasın óziniń metodikası menen basqaradı, biraq, sol metodikanı nátiyjeli ámelge asırıw ushın endi ótiletúǵın sabaǵın joybarlap izbe-iz qoyıp aladı. Tájiriybede sınalǵan usıllardı qollawı sabaq temasına saykeslew, teoriyalıq bóleklerin ámeliyatta kórsetkende bir putin bolıwdı támiyinlew.

Talabalarǵa qosıq aytıw ushın qaǵıydalar, uyreniw qaǵıydası hám atqarıw qaǵıydaların durıs úyretiw, ózbetinshe sabaqqa tayarlanıw ushın joybarlaw muzıka pedagogları hám járdemshi pedagog(tyutor)lardıń wazıypaları. Olarǵa muzıkalıq sheberlikti hám tájiriybelerin iyelewde, olardıń dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwda, dúnyalıq kózqarasların payda etiw hám rawajlandırıwda muzıka pedagogları hám ilimiy basshılarınıń qollaǵan jumıs usılları nátiyjesi kórinedi.

Hár bir metodika hám psixologiya kórkem ónerdiń izertlew nátiyjelerine tiykarlanadı. Ol muzıka oqıtıwdıń nızamshılıǵın túzindiredi, keleshek awladtı tárbiyalawda muzıka oqıtıwdıń nızamshılıǵın kórsetip beredi, jas awladtı tarbiyalawdaǵı qollanatuǵın qolay metodlardı belgileydi hám oqıwshılar menen islewshi usıllardıń mazmunın durıs jollaw muzıka oqıtıwshısınan tek talant, qabilet, háreket hám pedagogikalıq sheberlikti talap etedi. Sebebi, kórkem-óner pedagogikası juwapkershilikli hám hár tárepleme quramalı taraw.

**Nátiyjeler.** Joqarı oqıw orınlarında muzıka tálimin alıp barıw respublika boyınsha tiykarǵı oqıw ornı oqıw rejeni tastıyıqlaydı hám taraw boyınsha tiykarǵı hám tańlaw pánlerdi belgileydi. Talabalar tárepinen búgingi kúnde tańlaw pánlerdi tańlaw huqıqına iye bolǵanlıǵı sebepli talabalardı bul tańlaw boyınsha sáwbetlesip túsinikler beriliwi talaplardı túsindiriwi hám baǵdarlap olardıń bazalıq bilimlerine maslastırıladı. Bul talaba ushın hám magistrantlar ushın zárúr, sebebi ol talaba yamasa magistrdıń bazalıq qánigeligi muzıka kórkem ónerine tiyisli bolsa pedagogikalıq tarawdı saylawı, eger muzıka tálimi bolsa kórkem óner tarawın tańlawı maqul. Bul pánlerdiń hár tárepleme tolıq bolıwınıń támiyinleniwi onıń keleshekte kásiplik jumısında járdem boladı hám onıń jumısında yamasa tarbiyalanıp atırǵan oqıwshıların tarbiyalawda kóp tarawlılıq hám bazalıq bilim beriwinde kómeklesedi.

**Taliqlaw.** Nátiyjeli tálim procesinde respublikamızda kóplegen metodikalıq jumıslar alıp barılıp atır, bulardıń barlıǵı bir maqset jolında, biraq, hár túrli metodika hám pedagogikalıq texnologiya. Mámleketlik siyasatta da rawajlanǵan mámleketlerdiń jańa texnologiyaları sapalı nátiyjeleri respublika muzıkalıq tálim oqıtıwshıları ushın úlgi hám pedagogikalıq sheberlik esaplanadı, oqıw orınlarında sol texnologiya áste-áste engizilmekte [1.1]. Bul metodikanı durıs shólkemlestiriw haqqında tájiriybeli metodist muzıka oqıtıwshıları, ilimpazlar ózleriniń ilimiy izleniwleri, juwmaǵı tiykarında maqalaları menen bir qansha qánigelerdi tarawın rawajlandırıwda xızmet etedi hám olardıń áhmiyeti úlken. Muzıka oqıtıwshılardı qayta tayarlaw oqıw orınlarında da olardı bir maqset astında qánigeligin rawajlandırıw maqsetinde muzıka tálimi tek waqıt ótkerip, materiallıq qarjı alıw emes, al oqıwshılarǵa húјdanı menen sabaq beretúǵın hám bilim úyrete alatúǵın, sonday-aq, dóretiwshilik penen bilimdi tolıq jetkere alıwshı pedagoglardı tárbiyalaw esaplanadı.

Muzıka tálimin nátiyjelilikti ámelge asırıw ushın bárshe aytıp ótilgen bilim beriw basqıshlarında muzıka tarawı boyınsha sistemalı túrde ámelge asırıw bárshe is-ilajlardı qaǵıydalı ámelge asırıwdı ańlatadı. Shańaraq, mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemeleri, ulıwma bilim beriw mektepleri, qánigelestirilgen mektep, joqarı oqıw orınları hám joqarı bilimlendiriwden keyingi tálim bir biri menen metodika hám ilimiy proektler ústinde islep, muzıka tálimin rawajlandırıw maqsetinde sistemalı birlesiwi maqsetke muwapıq.

Oqıw reje, baǵdarlama hám sabaqlıqlardıń bilimlendiriw principları, oqıw-tarbiya jumıslarınıń maqset hám bilimlendiriw wazıypaları eń úlken áhmiyetke iye. Joqarı oqıw orınları ministrligi metodistleri tereń bilimge iye, kásiplik dóretiwshilikti túsine alıwshı kadrlar menen támiyinleniwi bul iygilikli háreketlerdiń jaqsı nátiyjeli bolıwında xızmet etedi. “Bunda oqıtıwda belgili muzıka jetiskenliklerine erisken bolsa da bilimlendiriw resurslarınıń durıs emes bólistiriliwi, oqıtıwdıń dástúriy usılları, oqıtıwshılardıń bilim dárejesin túrlishe bolıwı sıyaqlı iskerlikler elege shekem alıp barılıwı, bunnan kelip shıǵıp, oqıw strategiyasın ámelge asırıw, oqıtıw usılların integraciyalaw, islep shıǵarıw qurallarıń jańalaw, oqıtıwdıń jolların islep shıǵarıwdı jolǵa qoyıw boyınsha usınıslar tiykarında oqıw orınlarında muzıka tálimin jáne de keńnen kórip shıǵıw innovaciya menen jeke baǵdarlawdı rawajlandırıwǵa kómeklesiw arqalı talabalardıń muzıka sawatxanlıǵı hám ulıwmalıq zárúrlikti jaqsılaw máseleleri tálim nátiyjeliligine paydalı boladı” [3]. Bul izleniwshi muzıka tálimin strategiyalıq basqıshpa-basqısh ámelge asırıw arnawlı dástúrin islep shıqqan hám úsh toparǵa bólingen. Bular birgelikte talabalardıń bilim uyreniwi arqalı óz ara úyreniwi, birge islesiwdi rawajlandırıw hám úyreniwdi jaqsılaw máselesin birinshi etap bolıp topardıń principi oqıwshılardıń muzıkalıq dárejesi, jeke bilimin basqalarǵa qaraǵanda jaqsılaw, topar shıǵarmaları bolsa muzıka shıǵarmaların birgelikte analizlew, dóretiwshilik ideyaların dodalaw hám birgelikte jaratıw iskerliklerin ámelge asırıwdı jolǵa qoyǵan.

Pedagogtıń rolı bolsa jol jorıq kórsetiw, oqıw procesin baqlaw hám hár bir talabanıń qatnasıwın támiyinlew, keysler usılın belgili namalardı atqarıw, analizlew arqalı oqıwshılardıń jumısın dodalaw. Case tańlawı bolsa reprezentativ muzıka sıpatında isleydi, dodalaw mazmunı bolsa jumıs usılı, muzıkalıq sistema, garmoniya qol, atqarıw sheberligi hám basqa iskerlik [3].

**Juwmaq.** Bulardı ámelge asırıwda oqıtıwshılar dodalawına basshılıq etedi, olar óz pikirlerin aytadı hám shıǵarma mazmunın birgelikte úyrenedi hám basqa iskerliklerdi izbe-iz toparlarǵa bólip úyreniwdi alǵa súrgen. Demek rawajlanǵan mámleketlerdiń jumıs joybarında birgelikte islew yaǵnıy interaktiv metodlardı qolǵa alǵanlıǵı málim.

Muzıka tálimine jeńillik penen qaramastan oǵan juwapkershilik penen qaraw, bul izbe-izlikti tereń úyrenip shıǵıw hám jolǵa qoyıw keleshek jaslarınıń tarbiyasında úlken jol ashıwǵa járdem beredi hám mámlekettiń úlken reformalarınıń biri sanaladı.

**Ádebiyatlar**

1. Bayinbulage. Analysis of Music Classroom Teaching Strategies in Universities. 2024 International Conference on Financial Management, Humanities and Social Sciences. (ICFMHSS 2024).

2. Mustafoyev B.I. Musiqa oʻqitish metodikasi. Oʻquv qoʻllanma. – Buxoro: OOO «Sadriddin Salim Buxoriy» Durdona nashriyoti, 2021.

3. Sakhiseni J.Y. Effectiveness of music education in developing and fostering reading and writing for learners. // Reading & Writing - Journal of the Literacy Association of South Africa. Received: 24 Feb. 2023; Accepted: 26 July 2023; Published: 18 Dec. 2023.

**REZYUME.** Maqolada oliy ta’lim muassasalarida musiqa ta’limi jarayoni va undan keyingi oʻquv jarayoniga asosiy bilimlarni sifatli tatbiq etish, tizimli tamoyillarga asoslangan uslubiy yondashuv zarurligi haqida soʻz boradi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о необходимости качественного внедрения начальных знаний в процесс музыкального образования в высших учебных заведениях и последующем образовательном процессе, а также о методическом подходе, основанном на системных принципах.

**SUMMARY.** The article discusses the necessity of effectively implementing the initial knowledge of music education in higher education institutions and subsequent educational processes, as well as a methodological approach based on systematic principles.